



## Ibibazo n'inyishu bijanye no gusaba impanuro no kwipimisha atagahato

**Ikibazo:** Mbega ivyo kwipimisa bigenda gute?

**Inyishu:** Mugupima umugera wa sida bapima amaraso. Bikenerwa rero ko bafata amaraso makeya yo mumubiri wawe bakaja kuyapima. Bipimishiriza mubigo canke mumavuriro yabigenewe, ari naho hatangirwa n'impanuro kubaje kwipimisha canke kubahejeje kwipimisha, haba kubo basanze barwaye canke kubo basanze bakomeye. Eka no kubitaro henshi barapima umugera wa sida. Kubera hari abatinya ko bagiye kwipimisha mubibanza vyabigenewe abantu bohava baca batangura kubinuba, birashika ko ababijejwe baja kubapimira ahandi.

**Ikibazo:** Mbega bavuze ko umuntu yipimisha mwibanga, twotahura iki?

**Inyishu:** Aho baba bashatse kubabarirako atwundi muntu n'umwe kiretse wewe be na muganga agupimye, ntawundi ashobora kumenya ingene basanze umeze, eka mbere nta n'uwumenya ko no kwipimisha wipimishije. Iyo umuntu bamupimye mwibanga, kenshi na kenshi n'abaganga bandi ntibamenya ivyavuyemwo. Akenshi, baguha inomeru kugirango ntibakoreshe izina ryawe ngo rihave rimenyekana.

**Ikibazo:** Ni ryari amazina y'abipimishije ashobora kumenyekana?

**Inyishu:** Ni mugihe vyavuzwe ko bapima bakoresheje amazina. Ariko, imbere yo kwipimisha, wobanza ukabaza utubazo dukeyi kugira umenye: (1) Mbwirizwa gutanga izina ryanje? Mbega inyishu y'iki gipimo izokwandikwa mubitabo vya muganga canke mu bitabu bose bashobora gusoma?

**Ikibazo:** Mbega uwugiye kwipimisha abigenza gute?

**Inyishu:** Kenshi na kenshi, ugishika babanza kuguha inyigisho canke impanuro. Muganira mukabanga atawundi yumva ukabonerwaho no kubaza akakubakiye kubijanye no kwipimisha. Mu bigo vyinshi bapimiramwo babanza kugusaba ko nawe wemeza atagahato ko ushaka kwipimisha, ukerekanako wahisemwo kwipimisha atagahato. Hanyuma baca bagufata amaraso makeya bakayapima (bashobora guca bayapima ubwo nyene, canke bakayarungika mubindi bigo vyo gupimiramwo; bivana n'uburyo bwo gupima baba bafise). Igipimo cambere kiba ari ico kuraba ko hari ivyerekana ko umubiri uriko urarwanya sida; basanze atabirimwo, n'ukuvuga ko ata mugera wa sida uba urandura. Basanze naho warawanduye, baca basubira bakagupima kugira bahinyuze babone neza ko batihenze. Haba mugihe basanze waranduye canke haba mugihe basanze ukomeye, hose baca bagutekerera impanuro.

**Ikibazo:** Ngo hoba hari ikiringo bashobora gupima sida ntibayibone kandi umuntu ayirwaye?

Inyishu: Egome. Iyo umuntu yanduye umugera wa sida, hariho ikiringo umugera umara utariyerekana mumubiri. Nk'akarorero, umuntu yanduye nk'uyu munsu, ejo bukeye agaca agenda kwipimisha, ntiboshobora kubona ko yaraye yanduye, bobonako umenga arakomeye. Hariho rero ikiringo gikenewe kugira umugera ushobore kuboneka mumubiri. Ico kiringo kiri hagati y'indwi zibiri n'amazi atatu. Abatanga impanuro rero baza baributsa ko mugihe umuntu aje kwipimisha ariko yaheruka kugira inyifato ishobora kumutuma yandura, ko yoca agaruka gusubira kwipimisha vuba. Ivyo rero bitumwa no kubera ico kiringo umugera umara utariyerekana.